



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE GWO ENVESTISMAN NAN SÈVIS FEWOVYÈ
HUDSON VALLEY NAN KAD ETA LETA 2025 LA**

Plan an ap redwi tan trajè potansyèl yo jiska 15 minit nan chak sans pou sèten trajè epi amelyore fyabilite, kalite ak vitès sèvis Empire Metro-North Railroad ak Amtrak-NYS DOT

"Sèvis trè rapid" Metro-North la ap redui tan transpò ki fyab ant vil Nouyòk ak Poughkeepsie a mwens ke 90 minit

Gouvènè a kontinye angajman li pou bon jan kalite fewovye banlye, aprè achèyman Grand Central Madison ak Third Track LIRR

Nan kad diskou Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze jodi a yon gwo investisman nan sèvis fewovye Hudson Valley k ap ogmante kapasite, diminye reta, amelyore sekirite epi redwi tan trajè potansyèl yo jiska 15 minit nan chak sans pou sèten trajè, epi redwi vwayaj "trè rapid" (super-express) liy Metro-North Hudson lan nan mwens pase 90 minit. Pwopozisyon an gen ladan planifikasyon, evalyasyon ak konsepsyon yon ansanm amelyorasyon enfrastrikti fewovye ant Vil Nouyòk ak Poughkeepsie, ki gen ladan pwojè tankou yon dezyèm wout nan Spuyten Duyvil, anklanchman, siyalizasyon epi travay sou wout nan Croton Harmon, epi amelyore kapasite Poughkeepsie Yard. Anplis de sa, Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an ap egzekite rekonsepsyon siyalizasyon toupre Yonkers ak investisman rezistans ak klima nan segman ki pi vilnerab e ki pi frekante nan Liy Hudson nan.

"Vwayajè nan Hudson Valley merite sèvis fewovye rapid ak kalite siperyè ke yo ka konte sou yo, epi investisman m ap pwopoze nou fè jodi a pral mennen nan yon chanjman transfòmasyon pou jenerasyon k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan ane k ap vini yo, amelyorasyon enfrastrikti endispansab sa yo ap pèmèt nou modènize sistèm fewovye nou an, ogmante koneksyon an, redwi tan trajè ak ranfòse koneksyon ekonomik yo atravè rejyon an. Avèk pwopozisyon sa yo, n ap prepare baz pou bay yon sèvis fewovye ki pi rapid e ki pi fyab pou vwayajè banlye ak nan zòn rural yo atravè Hudson Valley ak pi lwen."

Nan kad yon alokasyon yo prevwa k ap disponib pou investisman rejyonal nan plan kapital 2025-29 li a, MTA ap evalye epi konsevwa lòt amelyorasyon fewovye potansyèl, tankou ajoute yon twazyèm pis sou Lij Metro-North Harlem oswa konekte sèvis Lij Hudson a Penn Station pou yon trajè yon sèl plas nan Bò Lwès Manhattan. An patenarya ak Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation NYSDOT), Otorite Transpò Metwopoliten an ap etabli tou yon gwoup travay fewovye rejyonal avèk New Jersey, Connecticut epi patnè fewovye yo, pou pwomouvwa yon pi bon kowòdinasyon sou entèwoperabilite, tikè, orè ak entèfas kliyan yo. Gwoup sa a pral devlope tou plan pou deplasman nan Metro-North oswa Long Island Railroad rive nan Estad MetLife san entèripsyon pou koup dimond 2026 la epi etidye posibilite alavni pou entegre plis deplasman rejyonal yo.

Gouvènè Hochul kwè yo ka fè plis toujou pou amelyore sèvis ak prestasyon pou itilizatè yo sou toude bò Rivyè Hudson. Bati yon pwogram pilòt pou amelyore distans Metro-North nan lwès Rivyè Hudson ak tikè, transbòdè ak pakin, Nouyòk pral fè tou yon analiz transpò piblik ak konseye ekspè pou pwopoze ak evalye rekòmandasyon adisyonèl pou elaji ak maksimize enpak sèvis fewovye epi egzamine posibilite pou lòt kalite transpò banlye pou Nouyòk k ap viv nan lwès rivyè a epi k ap travay nan Vil Nouyòk. Analiz sa a pral gen ladan yon etid anplwayè prensipal ak destinasyon nan Konte Orange, k ap eksplòre opsyon yo tankou sèvis navèt senkwonize ak fewovye Lij Port Jervis rive nan atraksyon yo tankou Woodbury Commons, Legoland, Storm King, Renaissance Fair, ak Ayewopò Stewart.

Anons jodi a baze sou gwo investisman fewovye rejyonal ki te fèt pandan manda Gouvènè Hochul la, ki gen ladan livrezon twazyèm pis LIRR ak ouvèti istorik Grand Central Madison, ki te ouvri nouvo posibilite deplasman sou LIRR, epi amelyore koneksyon rejyonal Nouyòk, ak ogmante sèvis yo nan 40 pousan.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Tout moun merite sèvis fewovye pou pasaje ki fyab ak kalite siperyè, epi investisman Gouvènè Hochul sible nan rezo fewovye Hudson Valley pral amelyore anpil eksperyans fewovye pou plizyè milye pasaje ki depann de sèvis sa a chak jou. Lè nou investi nan fewovye ak transpò piblik yo, n ap investi nan mòd transpò ekolojik, fyab epi ki an sekirite. NYSDOT fyè pou l ede dirije investisman sa yo nan sèvis Amtrak nou yo ke Eta a sipòte, epi nou espere fè patenarya ak Otorite Transpò Metwopoliten an sou amelyorasyon separe nan sèvis Metro-North nan koridò fewovye Lij Hudson nan. Nouyòkè yo pa merite mwens pase sa."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber te deklare, "Metro-North se kolòn vètebral ekonomik Hudson Valley ki pi ba a, epi sa yo se investisman sible epi entelijan ki vize pou pwoteje avni li epi ki etabli rekò pou plis pase 98 pousan. Nan epòk chanjman klimatik la, rezistans patikilyèman enpòtan, e Gouvènè Hochul te montre li konprann sa yon fason entuitif."

Prezidan Metro-North Railroad MTA, Catherine Rinaldi, te deklare, "Evènman metewolojik yo nan dènye ane yo te montre enpòtans rezistans klima a sou Lij Hudson,

epi nou kontan anpil pou amelyorasyon sa yo ki pral pèmèt nou kenbe fyabilite sèvis Metro-North nan Hudson Valley. Mwen apresye anpil sipò Gouvènè Hochul pou amelyorasyon sa yo, e ki pral sipòte ekonomi Hudson Valley la."

Majistra Poughkeepsie Yvonne Flowers te deklare, "Mwen kontan aprann Gouvènè Hochul vle investi nan sèvis fewovye Hudson Valley ki ant Poughkeepsie ak Vil Nouyòk. Angajman Gouvènè a pran pou amelyore koneksyon ant Vil Poughkeepsie ak Vil Nouyòk vle di plis opòtinite pou rezidan nou yo, plis sipò pou biznis lokal nou yo, ak yon trajè ki pi an sekirite epi pi rapid pou ale ak soti nan Vil Nouyòk. Envestisman sa a ede kominote nou an pwospere epi rete konekte nan fason ki enpòtan."

Majistra White Plains lan, Thomas Roach, te deklare, "Envestisman nan sistèm Metro North la enpòtan pou ekonomi eta nou an. Rezidan nou yo, biznis yo ak anviwònman an benefisye transpò fewovye fyab, epi bon kalite, Angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou bay resous ki nesèsè yo esansyèl e apresye anpil."

Majistra Beacon Lee Kyriacou te deklare, "Mèsi a Gouvènè Hochul paske l pwopoze gwo envestisman fewovye sa yo nan Liy Hudson lan — ki amelyore kominote yo ak lavi chak jou anpil nan nou nan Hudson Valley. Antanke vwayajè Beacon nan vil Nouyòk pou plis pase trant ane — ak yon vwayajè nan fewovye "trè rapid" nan lè ki gen mouvman pou ale Beacon — mwen konnen enpòtans sèvis fewovye regilye epi rapid, ki pèmèt anpil moun travay pou viv epi rejwi ak fanmi yo nan kay."

Enfòmasyon sou State Empire Rail Corridor Eta Nouyòk la

Nan Ane Fiskal Federal (FFY) 2024 la, Eta Nouyòk te sipòte sèvis Amtrak e etabli rekò istorik, ak plis pase 2 milyon pasaje ak revni ki depase 109 milyon dola. Atravè NYSDOT, Nouyòk sipòte sèvis popilè Empire ki relye Vil Nouyòk a Albany, Sèvis Adirondack relye vil Nouyòk a Monreyal, Sèvis Maple Leaf relye vil Nouyòk a Niagara Falls, epi sèvis Ethan Allen ki relye vil Nouyòk a Burlington, Vermont. Nan ane 2024 la, pèfòmans alè nan Vil Nouyòk ale nan koridò Albany te apeprè 90 pousan; epi pèfòmans global konbine alè pou tout sèvis Nouyòk sipòte te apeprè 83 pousan.

Enfòmasyon sou Metro-North Railroad MTA

Metro-North Railroad MTA bay 700 fewovye pa jou lasemèn nan 124 estasyon nan Hudson Valley, Vil Nouyòk ak sidwès Connecticut, k ap fonksyone ak pèfòmans alè ki plis pase 98 pousan an 2024 ak 12.5 pousan transpò pasaje tout ane a an 2024 ki depase sa ane anvan an.

Nan mwa novanm, Metro-North konnen youn nan pi bon mwa istorik li ak yon total 5.7 milyon pasaje, yon ogmantasyon de 4.8 pousan pa rapò ak novanm 2023. Toujou nan mwa novanm nan, Metro-North te anrejistre pi bon to pèfòmans alè depi kòmansman ane a nan istwa fewovye, avèk 98.3 pousan nan tout sistèm nan, pandan ke pèfòmans alè (On-time Performance, OTP) pou novanm lan te 97.9 pousan, ak to sèvis yo bay nan Metro-North, yon mezi fyabilite sèvis la, pou oktòb 2024 la ki te 99.9 pousan. Kantite an mwayèn Metro-North se 200,087 pasaje nan jou lasemèn nan novanm ki reprezante 81.4 pousan nivo avan COVID nan novanm 2019 ki reflekte kantite transpò

pasaje solid pou retounen nan travay; transpò pasaje nan wikenn an mwayèn ki se 122,637 swa 94.2 pousan anvan COVID.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)